



AVI SOU POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 12

Politik: Egzijans Konfòmite pou Pwogram ki Baze sou Sant

Dat li Efektif: 1/7/2024

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/doc/policy-eec-center-based-funded-compliance-requirements-updated-july-2024-haitian-creole/download>

APÈSI

Misyon Depatman Edikasyon ak Swen Bonè a se sipòte kwasans ak devlopman sen tout timoun ki gen pwogram ak resous kalite siperyè pou fanmi yo ak kominote yo. Premye edikatè Commonwealth yo jwe yon wòl enpòtan nan akonplisman misyon sa a, epi fòmasyon ak aktivite devlopman pwofesyonèl sèvi kòm fondasyon pou travay yo. Mizajou politik sa a presize nouvo egzijans fòmasyon anyèl atravè EEC Essentials ak aktivite devlopman pwofesyonèl k ap kontinye pou tout anplwaye pwogram ki finanse yo.

Anplis de reflete angajman EEC nan amelyorasyon kalite, revizyon politik sa yo an repons a egzijans fòmasyon ki soti nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo Swen Timoun nan Administrasyon pou Timoun ak Fanmi yo.

APLIKABILITE

Politik sa a aplike pou tout pwogram swen timoun ki baze sou sant.

MIZAJOU KLE

EEC Essentials 2.0

Tout edikatè, administratè, estajyè, ranplasan ak volontè k ap travay ak timoun nan pwogram ki finanse yo pral oblige swiv fòmasyon EEC Essentials 2.0 ki aplikab yo. Tout pake a dwe swiv kèlkeswa rit travay la.

Tout anplwaye pwogram ki finanse ki aplikab yo pral oblige swiv pake Resiklaj EEC Essentials la a tou chak ane.

- Anplwaye ki aktyèlman ap travay nan pwogram ki finanse yo dwe swiv pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 a anvan 30 jen 2025.
- Anplwaye ki pa janm travay nan yon pwogram ki gen lisans EEC oswa ki finanse dwe fè yon verifikasyon pase epi swiv EEC Essentials 2.0 a anvan yo travay avèk timoun yo.

Aktivite Developman Pwofesyonèl Obligatwa

Tout anplwaye pwogram finanse yo dwe patisipe tou nan aktivite developman pwofesyonèl yo konsa:

1. Edikatè k ap travay mwens pase dis èdtan pa semèn yo dwe fè yon minimòm senk èdtan aktivite developman pwofesyonèl pa ane;
2. Edikatè k ap travay omwen dis men mwens pase 20 èdtan pa semèn dwe fè yon minimòm 12 èdtan aktivite developman pwofesyonèl pa ane;
3. Edikatè k ap travay 20 oswa plis èdtan pa semèn yo dwe fè yon minimòm 20 èdtan aktivite developman pwofesyonèl pa ane;
4. Omwen yon tyè nan developman pwofesyonèl ki nesesè yo dwe adrese a divès moun k ap aprann.

RESOUS

- *EEC Essentials 2.0:*
 - [Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart](#) la se yon sistèm jesyon aprantisaj ki ofri fòmasyon obligatwa ak konplemantè pou edikasyon bonè ak anplwaye pwogram swen epi ki ka anrejistre achèvman kou developman pwofesyonèl anplwaye yo. Pakè fòmasyon EEC Essentials 2.0 a disponib nan katalòg kou a pou enskripsyon an. Materyèl èd yo disponib sou paj dakèy la. Anplis de sa, èd disponib nan StrongStartPDS@mass.gov.
 - Ou ka jwenn plis enfòmasyon, tankou politik ki aplikab yo, Kesyon yo Poze Souvan, ak resous nan plizyè lang, sou [paj politik](#) la.
- *Aktivite Developman Pwofesyonèl Obligatwa:*
 - [Lis Verifikasyon Anplwaye Pwogram ki Baze sou Sant](#)

OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

Règleman sa a ranplase Egzijans Konfòmite pou Politik Pwogram ki Baze sou Sant ki te deja pibliye nan mwa septanm 2019.